

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra mangrupa prosés kréatif manusa anu ngawujud dina wangun karya sastra. Saperti nu diébréhkeun ku Rusyana (1978:7-8) yén sastra téh kagiatan kréatif, kagiatan nyipta, jeung kagiatan seni. Karya sastra umumna nyaritakeun kaayaan hirup kumbuh manusa di masarakat. Maju-henteuna peradaban masarakat bisa katitén dina aprésiasi jeung ngajén karya sastra nu aya dina jamanna.

Sacara umum wangun karya sastra téh dibagi jadi tilu bagian, nya éta (1) wangun lancar (prosa), (2) wangun ugeran (puisi), (3) wangun paguneman (drama). Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun lancar (prosa) di antarana: dongéng, skétsa, carita pondok, roman, jeung novél. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) di antarana: mantra (jangjawokan, singlar, asihan, jumpé, asihan), kakawihan, sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita pantun. Sedengkeun anu kaasup kana wangun carita (drama) di antarana: sandiwara, opera, jeung gending karesmén (Iskandarwassid, 1996:135).

Karya sastra boh puisi, boh prosa, boh drama tangtu moal leupas tina unsur atawa struktur anu ngawangunna, misalna waé téma, tokoh, alur, plot, jsb. Drama atawa naskah drama ngandung unsur atawa stuktur pangwangunna. Ngaliwatan struktur atawa unsurna, hiji drama ngawujud tur diaprésiasi pamacana.

Salian ti éta, karya sastra ogé moal leupas tina ajén-inajén anu ditepikeunana, di antarana ajén moral, ajén atikan, ajén budaya, ajén agama, jrrd. Kitu deui drama, ngandung ajén-inajén. Lantaran dina drama pasualan kahirupan manusa dipedar teu jauh tina aspék-aspék sosial masarakat dina hirup kumbuhna, katut pasualan-pasualan nu aya di lingkunganana. Dina harti paripolah manusa nu aya di satukangeun drama tangtu ngandung ajén-inajén anu luhung, anu perelu diconto, nu salah sahijina nya éta ajén moral.

Kaitung ceuyah naskah-naskah drama anu remen dipéntaskeun utamana dina pagelaran téater. Tina rupa-rupa naskah éta tangtu miboga kaonjoyan séwang-séwang, boh dina téma, tokoh, alur, jsb. Kaonjoyan éta tangtu moal leupas ti peran pangarangna, anu geus bisa ngaréka-réka kahirupan jadi karya anu punjul.

Salah sahiji pangarang naskah drama nya éta R. Hidayat Suryalaga atawa nu leuwih dipikawanoh ku sebutan Abah Surya. Hiji sastrawan Sunda anu produktif dina ngahasilkeun karya tulis hususna naskah drama Sunda.

Nepi ka danget ayeuna, aya tilu puluh dalapan judul naskah drama nu ditulis ku anjeunna, di atarana *Tambang*, *Jéndral Debél nu Debil*, jeung *Pundén-Pundén nu Rarempag*, nu tiluanana kungsi dipintonkeun ku Teatér Sunda Kiwari— kelompok téater anu kungsi dipupuhuan ku anjeunna. Naskah-naskah drama nu ditulis ku Abah Surya pinuh ku gambaran-gambaran sosial masarakat, nu di jerona euyeub ku ajén-ajén moral. Husus naskah *Pundén-Pundén nu Rarempag*, nu jadi objék dina ieu panalungtikan, kapanggih réa ajén-ajén moral

nu bisa dianalisis tur dijadikeun conto pikeun kahirupan sosial masarakat, hususna rumaja di sakola.

Panalungtikan ngeunaan ajén moral mémang geus réa dilaksanakeun, di antarana nya éta “Ajén Moral dina Naskah Drama *Cucunguk* karya Yosef Iskandar ku Hendi Perdiansyah taun 2007” jeung “Ajén Moral dina Naskah Drama Karya Hidayat Suryalaga ku Agus Suherman taun 1995”.

Dumasar kana tinimbangan di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Ajén Moral dina Naskah Drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga” perelu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu pedaran teu lega teuing, ku kituna ieu panalungtikan diwatesanan ukur maluruh struktur anu ngawengku; téma, alur, watek tokoh, jeung latar drama katut ajén moral dina naskah *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur (téma, galur, watek tokoh, jeung latar) naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga anu ngawengku tema, tokoh, seting jeung alur?

- 2) Ajén moral naon waé anu nyampak dina naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun naskah drama, dumasar kana struktur drama tur ajén-ajén moral anu nyampak dina naskah.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun;

- 1) struktur (téma, galur, watek tokoh, jeung latar) naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga anu ngawengku tema, tokoh setting, alur;
- 2) ajén moral anu nyampak dina naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh pikeun élmu dina widang sastra utamana widang drama katut pikeun méré alternatif dina ngaaprésiasi karya sastra, hususna drama.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat dina ieu panalungtikan, dipiharep:

- 1) pikeun méré gambaran ka mahasiswa, hususna Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ngeunaan ajén moral nu nyampak dina éta drama;
- 2) pikeun lembaga bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda;
- 3) pikeun anu nalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan;
- 4) pikeun masarakat, ngeuyeuban pangaweruh sarta menangkeun informasi ajén-ajén moral anu nyampak dina éta drama.

1.5 Sistematika Penulisan

BAB I BUBUKA

Mangrupa bab munggaran nu ngawengku; kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II LANDASAN TÉORI

Bab II mangrupa bab anu medar ngeunaan téori-téori dina ieu panalungtikan. Dina bab II dipedar leuwih jero ngeunaan drama, unsur/struktur drama, jeung ajén moral. Salian ti éta, dina bab II aya anu ngaranna asumsi dasar anu boga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Bab III mangrupa bab anu medar ngeunaan métode panalungtikan anu baris dipaké dina ieu panalungtikan. Dina bab III medar leuwih jero ngeunaan sumber data panalungtikan, kumaha léngkah-léngkah panalungtikan (desain panalungtikan), métode nu digunakeun dina panalungtikan, wangenan opérasional, instrumén panalungtikan, jeung téknik panalungtikan. Salian ti éta, di bab III jadi dadasar pikeun nyusun bab IV.

BAB IV EUSI

Bab IV mangrupa bab nu ngadéskripsikeun jeung nganalisis data. Bab IV medar ngeunaan bahan anu atah kénéh nu tuluy dianalisis datana nepi ka ngahasilkeun kacindékan anu baris dipedar dina bab V.

BAB V KACINDEKAN

Bab V mangrupa bab pamungkas dina ieu panalungtikan anu medar ngeunaan hasil tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun jeung saran.